

Pou Piblikasyon Imedya: 16/10/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI METE FEN NAN ECHAPATWA DOUB PÈN LA, KI OTORIZE LETA POU SWIV MOUN PREZIDAN FÈ GRAS.

Yon echapatwa ki te pwoteje moun pou yo pa pouswiv yo nan nivo Eta a pou menm enfraksyon an

Cuomo: "Pa gen moun ki pi fò pase lalwa e New York pap fèmen je l sou kriminalite, kèlkeswa moun k ap chèche pwoteje yo a".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a li siyen lejislasyon (S.4572/A.6653) pou mete fen nan echapatwa doub pèn New York la ki pwoteje moun ke yon Prezidan fè gras pou yo pa pouswiv li nan nivo Eta a pou menm enfraksyon an. Refòm enpòtan sa a, ki te yon pwòjè lwa Pwokirè Jeneral la, bay pwokirè New York yo otorite pou angaje pouswit kont zak kriminel nenpòt kote ki nan jiridiksyon yo.

"Pa gen moun ki pi fò pase lalwa e New York pap fèmen je l sou kriminalite, kèlkeswa moun k ap chèche pwoteje yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Fèmti echapatwa flagran sa a bay pwokirè yo kapasite pou kanpe kont nenpòt abi pouvwa, epi kontribye nan bay garanti lalwa pap apwouve okenn aksyon ki gen enterè politik, enterè pèsònèl ki kache dèyè yo. Mwen remèsye Pwokirè Jeneral la pou travay li reyalize pou avansman refòm sa a ki te nesèsè e, lefètke lwa sa siyen, nou ap franchi yon lòt etap pou nou vin yon Empire State ki pi fò, pi ekitab e pi jis pou tout moun."

"Nou gen yon responsablite pou nou bay garanti ke moun ki komèt krim dapre lwa Eta New York la yo responsab pou krim sa yo", **Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare.** "Nouvo lwa enpòtan sa a mete fen nan yon echapatwa ki ta ka pèmèt nenpòt prezidan abize pouvwa l genyen pou l sèvi ak gras prezidansyèl la pou yon manm nan fanmi l oswa yon asosye ki pwòch li enjisteman epi pètèt pèmèt moun sa a evite tout efò lajistis. Pa gen moun ki pi fò pase lalwa, e mezi sa a ki gen bon sans ap pèmèt yon kontwòl rezonab e nesèsè sou pouvwa prezidansyèl ki la jodi a ak tout prezidan k ap vini yo".

Chanjman legal la ap antre anvigè imedyatman epi li aplikab pou enfraksyon ki pase deja ak sa ki poko yo a kondisyon moun nan poko jije oswa antre nan yon pledwaye.

Senatè Todd Kaminsky, yon ansyen pwokirè federal responsab kont koripsyon, te deklare, "Etandone Prezidan lage kò l prèske nètale nan plede abize pouvwa l genyen pou li fè zanmi ak asosye l yo sove anba men lajistis, li enpòtan pou nou mete fen nan echapatwa doub pèn nan epi prezève Eta dedwa nan New York. Mwen felisite Pwokirè Jeneral James pou lidèchip eksepsyonèl li sou kesyon enpòtan sa a epi remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen mezi sa a pou pwoteje pouswit jistis Nouyòkè yo".

Manm Asanble Joseph Lentol te deklare, "Lejislasyon sa a voye jete nenpòt konplo pou kontrekare pouswit jidisyè. Kongrè a pa kapab abòde kesyon gras la; Se poutèt sa, Eta yo dwe reponn. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt li siyen lwa sa a paske li voye yon mesaj klè pesonn pap ka sove anba pouswit jidisyè".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)